



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBITE JISKA 1 MILYON DOLA POU ELAJI SÈVIS PWOGRAM TRETMAN OPYOYID NAN ETA NEW YORK

Yo pral bay jiska 1 milyon dola bay Founisè Pwogram Tretman Opyoyid ki egziste deja pou yo tabli lòt lokal andeyò lokal prensipal yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a disponiblité jiska 1 milyon dola nan finansman pou Founisè Pwogram Tretman Opyoyid (Opioid Treatment Program, OTP) yo pou etabli lòt lokal andeyò lokal aktyèl yo. Inisyativ sa a fèt pou ede pote sèvis sa yo nan ki defavorize yo kounye a, epi pou adrese bezwen k ap grandi pou sèvis OTP atravè Eta New York la.

"Kriz adiksyon ak dòz eksèsif la pèsone mwen ak fanmi mwen. Tretman ta dwe toujou aksesib pou Nouyòkè k ap lite ak adiksyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Administrasyon mwen an angaje totalman pou ede elaji ak amelyore sèvis tretman yo, epi asire ke tout moun ki pyeje nan yon sik visye akòz itilizasyon sibstans san se pa fòt pa yo, enkli moun ki nan kote ki defavorize yo, kapab resevwa sipò yo bezwen ak merite."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Tretman ak lòt resous pwogram tretman opyoid yo ofri nan Eta New York enpòtan anpil pou abòde kriz dòz eksèsif la k ap kontinye epi sove lavi anpil moun. Tretman an sekirite, efikas, epi li kapab sove lavi, epi ak finansman sa a n ap ede plis moun atravè eta a jwenn aksè ak swen yo bezwen an."

Jiska senk founisè OTP k ap fonksyone kounye a pral resevwa rekonpans yon sèl fwa ki rive jiska 200,000 dola pou etabli lòt lokal OTP yo. Lokal sa yo etabli kòm yon pati nan yon OTP ke OASAS sètifye ki egziste men ki pa nan menm lokal la, epi pa gen okenn kondisyon minimòm oswa maksimòm distans pa rapò ak OTP orijinal la. Finansman yo bay yo ka itilize pou reparasyon ak antretyen batiman yo, tankou renovasyon, founiti ak ekipman medikal, ak mèb.

Yo bay finansman atravè Sibvansyon Federal Global Siplemantè pou Prevansyon & Tretman Toksikomani ak l ap administre atravè Biwo NYS la pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon. RFA pou pwojè sa a ak lòt enfòmasyon disponib [isit la](#).

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Nou bezwen kontinye elaji aksè ak tretman toksikomani epi kraze baryè pou pwoteje rezidan yyo, espesyalman moun ki nan katye ki defavorize yo ak pousantaj dòz opyoyid ki elve yon fason ki pa rezonab. Ogmantasyon finansman sa a pral kòmanse fè yon diferans, e mwen apresye lidèchip ak sipò san fay Gouvènè Hochul nan sans sa a."

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidepi dòz ekseksif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Nou te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)